

Konnen Dwa ou yo Sèvis Lang nan NYSDOL

Nan Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor) la, nou ofri **dokiman enpòtan** nan lang chinwa, kreyòl ayisyen, italyen, koreyen, ris, ak panyòl. Kapab gen materyèl ki disponib nan lòt lang tou. **Sèvis entèprèt lang** disponib nan plis pase 200 lang.

Kisa mwen dwe atann mwen si mwen al vizite Depatman Travay la?

Chak biwo Depatman Travay Eta New York ki louvri pou piblik la sipoze ofri ou sèvis entèprèt gratis. Tout Sant Karyè Eta New York yo ladan tou.

Yo sipoze afiche postè ki rele **Language Identification Tool (Zouti Idantifikasyon Lang)** la nan biwo lokal ou a. Afich la di "Montre lang ou a. Yo pral rele yon entèprèt. Y ap ba ou yon entèprèt gratis" nan plis pase trant (30) lang.

Si ou pa wè postè Zouti Idantifikasyon Lang la nan biwo lokal ou a, tanpri mande moun li.

Èske ou te pase yon bèl eksperyans ak sèvis lang yo te ba ou nan Depatman Travay la?

Èske ou vle di nou kijan youn nan manm pèsonèl nou yo te ede ou? Voye yon imèl ba nou nan DIPA@labor.ny.gov oswa rele Divizyon Regleman ak Afè imigran an nan (877) 466-9757.

Kimoun k ap sipèvizè sèvis yo?

Chak ajans gen yon Kowòdonatè Aksè Nan Lang pou sipèvizè sèvis Aksè nan lang Ajans la bay piblik la. Enfòmasyon pou kontakte Kowòdonatè Aksè nan Lang Depatman Travay la se:

Kowòdonatè Aksè nan Lang: Eric Denk
Telefòn biwo: (607) 778-2836
Telefòn mobil: (607) 205-5491
Imèl: Eric.Denk@labor.ny.gov
Faks: (212) 775-3389

Adrès postal:
 171 Front Street
 Binghamton NY 13905

Lòt Kontak: Divizyon sou Règleman ak Zafè Imigran
Nimewo gratis: (877) 466-9757
Imèl: DIPA@labor.ny.gov





Aksè Nan Sèvis Nan Lang Ou: Fòm Pou Pote Plent

Eta New York gen yon politik pou fè demach rezonab pou simonte baryè lengwistik nan sèvis ak pwogram leta yo.
Pou fè sa, objektif nou se pou: 1) Pale ak ou nan lang ou epi 2) Bay fòm ak dokiman enpòtan nan sis (6) lang yo itilize plis yo, anplis angle.
Kòmantè ou sou fòm sa a pral ede nou ak objektif sa a. Tout enfòmasyon ap rete konfidansyèl.

Tanpri ekri ak lèt detache, epi siyen fòm nan ak lank nwa. Apresa voye li tounen li pa lapòs, pa faks, oswa nan adrès imèl ki ekri anwo a.

Moun k ap pote plent la: Nimewo idantifikasyon moun k ap pote plent la, si genyen youn:
Prenon: Siyati:
Adrès:
Vil: Eta: Kòd postal:
Lang prefere: Adrès imèl, si genyen:
Nimewo telefòn kay: Lòt telefòn:

Èske gen yon lòt moun k ap ede ou ranpli plent sa a? Wi Non Si repons la se 'Wi,' mete:
Prenon li: Siyati li:

Ki pwoblèm ou te genyen? Chwazi tout pwoblèm ou te genyen epi eksplike anba a.
Yo pa te ofri mwen yon entèprèt
Mwen te mande yon entèprèt epi yo pa te bay mwen youn
Entèprèt oswa tradiktè yo pa te bon (Mete non yo, si ou konnen)
Entèprèt la oswa entèprèt yo te malelve oswa te fè kòmantè ki pa t apwopriye
Sèvis yo te pran twòp tan (eksplike anba a)
Yo pa te bay mwen okenn fòm oswa vi nan yon lang mwen konprann (Mete lis dokiman ou bezwen yo anba a)
Mwen pa te kapab itilize sèvis, pwogram, oswa aktivite yo (Eksplike anba a)
Lòt (Eksplike anba a)

Kilè pwoblèm nan te rive? Dat la (JOU/MWA/ANE): Lè a: AM PM

Ki kote pwoblèm nan te rive?

Eksplike sa ki te pase. Tanpri bay tout detay yo. Itilize plis paj si ou bezwen. Ekri non ou sou chak paj ak lèt detache. Mete lang, sèvis, ak dokiman ou bezwen. Mete non, adrès, ak nimewo telefòn moun ki enplike yo, si ou konnen yo.

Èske ou te pote plent bay nenpòt moun nan Depatman/Ajans la? Kimoun epi ki repons ou te jwenn? Tanpri bay tout detay yo.

Mwen sètifye deklarasyon sa a vrè selon tout sa mwen konnen ak sa mwen kwè.

Siyati: Dat la (JOU/MWA/ANE):
(Moun k ap pote plent la)

Pa ekri nan bwat sa a. Pou itilizasyon biwo a sèlman

Date: Reviewer:
Resolution: